

PENILAIAN TENGAH SEMESTER I
TAHUN PELAJARAN 2021- 2022
Mata pelajaran : Bahasa Sunda
Kelas / Semester : VI/ I

Pilih A,B,C atawa D jawaban nu bener !

1. Di lembur Mida loba nu miara ingon – ingon kayaning . . .
A. Hayam, ucing, surili
B. Domba, sapi, hayam
C. Maung, singa, kuda
D. Bébék, ucing, maung
2. Ayeuna mah di tukangeun imah Mida aya. . . keur miara lauk emas
A. Pakarangan B. kebon C. kulah D. taman
3. Mida geus kelas genep, teu matak . . . mun indit ka sakola sorangan gé.
A. Sedih B. hariwang C. keueung D. sieun
4. Dami oge boga hayam bikang, ayeuna keur . . . dina paranjé
A. Kongkorongok B. nyileungleum C. anakan D. megar
5. Hayam anakan mah galak, sok . . . lamun anakna aya nu ngaganggu.
A. Macok B. ngegél C. ngabintih D. nyakar
6. Di wewengkon Ranca Upas Pangalengan aya tempat penangkaran . . .
A. Domba B. kelenci C. maung D. uncal
7. Ayeuna mah di lémbang loba nu ngingu. . . pikeun diarah susuna.
A. Kelenci B. domba C. sapi D. kuda
8. Di Kuningan loba nu ngingu . . . anu sok dipaké narik delman
A. Kuda B. sapi C. domba D. munding
9. Ayeuna anu aya . . . téh di Ujungkulon jeung di kebon binatang.
B. Maung B. gajah C. singa D. badak
10. Sato anu awakna gedé mah . . . ,ceulina rubak jeung tulaléan
A. Jarapah B. badak C. gajah D. kuda nil
11. Pun biang nuju . . . di pawon mani ngalimed.
A. Dahar B. emam C. neda D. tuang
12. Pak Lurah nembé . . . badé ngaresmikeun gedong énggal.
A. Datang B. sumping C. indit D. balik

13. Langlayangan ngapung luhur pisan, sabalikna tina luhur
A. Handap B. pendek C. jangkung D. déét
14. . . . timana bu Marni, mani rébo ku cacandakan ?
A. Wangsul B. mulih C. datang D. balik
15. Budak nu . . . moal aya nu daek ngabaturan da sieun barangna leungit
A. Amis budi B. hampang leungen D. amis daging D. panjang leungeun
16. Arin mah budakna loba nu mikaresep, keur mah geulis katambah . . . ka sasaha gé.
A. Soméah B. judes C. harak D. galak
17. . . . abdi mah palih wetan, nu di cét héjo caket pos ronda.
A. Imah B. bumi C. rorompok D. saung
18. Budak nu hésé dititah disebut
A. Hampang birit
B. beurat birit
C. hampang leungeun
D. gédé hulu
19. Jalma nu sok pundah - pindah pagawéan disebut
A. Héjo ngagedod
B. Héjo tihang
C. Kurung batok
D. Laér gado
20. Ardi mah mun dibéré duit sabaraha wae gé pasti béak. Babasan pikeun jalma nu teu bisa nyekel duit di sebut
A. épésméér
B. Panjang leungeun
C. Lésang kuras
D. Buntut kasiran